ესაკი თოფურიძ ბერიკი კოტე

287 1 43

287 1 43

დასკანირებულია 21
14 01 25

13.

ДЖИОТЫ ДАУЫТЫ СФÆЛДЫСТАДОН ФÆНДАГ

Джиоты Дауыт ныррыккон ирон литературæйы ахсы зынгæ бынат. Дауыты нæ чиныгкæсджытæ рæстагæй фæхонынц «ирон Островски». Уæдæ йæ цæмæн афтæ схуыдтой нæ чиныгкæсджытæ? Цы нысан кæны ацы ном?

Æмбæты фыццаг нæ цæсты раз сывæры советон адæймаджы уддырынгæнæг тых. Николай Островскийау Джиоты Дауыт дер рацыд цард æмæ сфæлдыстады базыгджын фæндаг. Бирæ нудзинад ис ацы дыууæ фысæджы цард æмæ сфæлдыстады. Фындлæс азы дæргъы Джиоты Дауыт у уæззау уатон рынчын. Уымæн йæ бон у сфæлдыстадон куыст кæнын æрмæст дæр уаты хуыстæйæ. Ахæм уавæры Дауыт æвæллайгæ тох кæны уæззау низимæ æмæ кæд хуыссæны æнæрастæ хуыссы, уæддæр йæ сæры никуы сывæрынц пессимистон хъуыдытæ, никуы вæййы æнкъардæрдæ. Уый нудалыгдæр тырны йе сфæлдыстадон куыстæй йæ райгуырæн бæстæйæн исты пайда æрхæссынмæ, Коммунистон парти æмæ Советон хицауады раз йæ 'мбæстагон хæс бафидынмæ. Уыцы тырнындзинад фыссæгæн дæдты æнæбасæттæ тых æмæ оптимистон зæрдæйы уаг.

Джиоты Дауыт литературæмæ æрбацыд царды гуылфæнæй, цард иттæг хорз сахуыргæнгæйæ, куысты фæлтæрдзинад æмæ фаг зонындзинæдтимæ. Уый чысылæй федта йæхи цæстæй æлдæрттæ æмæ поæрцыдисты дунейы иуыл рæсугъддæр хъуыддаг—адæймагад ссæрибар кæныны сæрыл тохæн. Æмæ тагъдкæныл хъæуы цæрыныл».

Гуырысхойаг нæу уый, æмæ Джиоты Д. роман «Æнæбасæттæ тыхæн» дæр, Николай Островскийы роман «Куыд сæрыдис æндонау» кæй ис автобиографион нысануæт. «Æнæбасæттæ тыхы» сæйраг хъайтар Сослан у Джиоты Дауыты æнгæс афтæ, куыддæриддæр «Куыд сæрыдис æндоны» сæйраг хъайтар Павел Корчагин у Николай Островскийы æнгæс. Раст уый тыххæй Дауыт йæ хуыздæр æмдзæвгæты ныв кæны Николай Островскийы хъайтарон фæлгонд. Дауыт Островскийы хоны йæ удыгас æмбал, йæ идейон ахуыргæнæг.

Дауыт йе 'мдзæвгæтæй сæ иуы— «Байриай, Сочи», Н. Островскийы цард æмæ сфæлдыстадон куыстимæ баст бынæттæ фенгæйæ, сæрыстырæй фыссы:

Байриай Сочи, амонджын къуым,
уарзон
Не 'стыр бæсты дессаджы бынат.
Сæрыд ам Островскийы цъех æндон,
Ам æрыста хъæлдзæгæй йæ цард.
Ног уддæф мæм дæнджыз былмæ скъæфы
Алыгъуызон дидинджыты тæф.
Ам кæддæр Островски дæр уазфыл,
Ацы æртхæрæйнаг сыгъдæг уæлдæф.

Ацы дыууæ советон фыссæджы сфæлдыстады нудзинад бæрæг кæны уымæй, æмæ уыдон кæй æвдисынц Коммунистон партийы рол советон адæймаджы хъомыл кæныны хъуыддаджы, æмтæй сæ уацмыстæн кæй ис иттæг хорз хъомыладон нысаниуæт.

Дауыты сфæлдыстадон курдиат рæзын райдыдта Стыр Фыдыбæстæйон хæсты азты. Нæ чиныгкæсджытæ та йæ уæлдай тынгдæр базыдтой æмæ бауарзтой хæсты фæстæ азты, сабыралон царды. Хæсты фæстæ азты нæ фыссæг бындуронæй аскъуыддзаг кодта йе 'мбæстагон стыр хæс сыхæст кæнын, ома аивадон дзырды руаджы советон адæмæн, ахсджиаг Коммунистон партийæн лæгкадæнын, коммунистон æхсæнад арæзтадмæ йæ бацæрд бахæссын.

Дауыты сфæлдыстады арæхстдзинæй æдыст цæуынц советон адæймæгты хуыздæр бæллицтæ æмæ хъуыдытæ, Коммунистон парти æмæ Райгуырæн бæстæмæ йе нæкæрон уарзондзинад, зары адæмты æнæхæлгæ хæлардзинадыл. Поэт фыццаг рады зары йе 'схъомылгæнæг Коммунистон партийыл. Йæ хъуыдытæ уый фæдыл ирдæй *зыныйц æмдзæвгæ «Нæ парти, дæ фæрцы»* йы:

Схъомыл дæн парти дæ фæрцы,
Нæхæстон дæ авдæны рæз.
Нæ зонын æз иу хатт дæр царды,
Мæ бæллицтæ ма уой æххæст.
Мæ фæндтæ уæрæх сты дардыл,
Фæндымæ иæ дуджы цæрын.
Дæс азы кæд уатон рынчын дæн,
Уæддæр æз дæ буц ном хæссын.

Поэт стыр æхсызгондзинадимæ социалистон реализмы ахорæнты фæрцы нын кæны нæ адæмы цард. Коммунистон партийыл у нузæрдион. Коммунистон парти æмæ Советон хицауадыл Дауыт æнувыд кæй у, уыцы хъуыдытæ ирдæрæй зыныйц социалистон куысты темайы фыст æмдзæвгæтæ «Колхозон уалдзæг», «Фатимæ», «Асинет», «Фыстæг депутат чызгмæ», «Уанаты канау» æмæ æндæрты.

Куыд *ныррыккон советон ирон* фыссæджы, афтæ Джиоты Дауыты сфæлдыстады сæйраг тема дæр у адæмты 'хсæн хæлардзинады темæ, уæлдайдæр та ирон æмæ гуырдзиаг адæмты историон хæлардзинад. Адæмты 'хсæн хæлардзинадыл заргæйæ, Дауыт иннæ ирон раззагон поэттимæ иумæ æнтыстгæйæ дарддæр кæны генгалон поэт Хетæгкаты Къостайы æнæмæлгæ традицитæ.

Хæлардзинадыл Дауыт цы æмдзæвгæтæ иыффыста, уыдонæй сæ иуы сæрыстырæй фыссы, зæгъгæ,мæ низæй хоскæнын мæнæн у рæсугъд фидæныл тох æмæ куысты хъайтартыл зарын. Царды нысаниуæр Дауыт уыны йæ Райгуырæн бæстæйæн лæгкал кæныны æмæ уыл кады зарджытæ кæны хъуыддаджы.

Кады зарджытæ ма уый кæны йæ райгуырæн дидинæфтуаг Ирыстоны колхозон быдыртыл, йæ раззагон адæймæгтыл, *кæдытæ фендæр кодтой æрдзы цæсгом* æмæ раздæры гæмæгъ æмæ æдзæрæг быдыртæй *аразынц дидинæфтуаг дырæдæттæ.*

Баллада «Дыууæ доны» поэт, нывæфтыдон фæразтæй *уæрæхæй пайдакæнгæйæ, æндæвы гуырдзиаг æмæ ирон адæмты* историон хæлардзинады уидæгтæ, уыцы стыр хæлардзинады тых æмæ хъомыс.

Гурмæ æвзаххс фурдтæ Куар æмæ Леуахи кæрæдзийы фембæлынц. Цæуæ дæттæй *сæ иу* йæ райдиан нæы Турчы территорийæ, иннæ та Хуссар Ирыстоны бæрзонд хæхтæй. Дауыт арæхстджынæй нын кæны дыууæ цæугæ доны;

Дыууæ доны сæ ныхæстæ
Кæрæдзийæн куы фекæнынц,
Сæ циндзинад нæ бæстæйы,
Нæхи Гурæй куы райдайынц.
Рæсугъд хотау дыууæ доны
Сæ кæрæдзи фæрæвдауынц.
Сæ зарджытæ, фондырдзагъдау
Нæ фæлтæртыл фæнывæндынц.

Дыууæ цæугæдоны *сæ кæрæдзийы* хотау нытыхсынц Гуры цур—у ирон æмæ гуырдзиаг адæмты историон хæлардзинады символ.

Балладайы поэт ирдæй нын кæны сæрибар æмæ дидинæфтуаг Ирыстоны ныртæккæйы цæстæм, зæронд æмæ ног Ирыстоны 'хсæн цы хъаудзыдзинад ис, уый. Чиныгкæсджы цæсты раз æрлæууынц ног социалистон горæд Сталинир, электрофикаци æмæ радиофикацигонд колхозон хъæутæ.

Ирон адæмæн æндæр æфсымæрон адæмтау, хорз æмæ амонджын цард радтой Коммунистон парти æмæ Советон хицауад. Ацы темайы ма аив фыст сты æмдзæвгæтæ «Уарзон Гуырдыстон», «Хъыргъыдзаг фæскомцæдисонтæм» æмæ æндæртæ.

Фæлæ уæддæр Дауыт адæмты хæлардзинад æххæст æмæ арæхстджынæй раздыста йæ роман «*Æнæбасæттæ тыхы*». Уый мыхуырæй рацыд уырыссаг æвзагыл дæр Тбилисийы газет «Заря Востокайы» рауагъдады. Рæхджы роман Тбилисы мыхуырæй рацæуджæн гуырдзиаг æвзагыл дæр. Дауыты зынгæ уацмысыл ма нымад у йæ историон роман «Иликтъо» дæр.

(Кæрон кæс 4-æм фарсыл).

1

(рузлан Гиоргиевич Гуриев)
"Заря Востока" (газета Тбилиси)
1955 г. № 197 5/IX
(Гуриев Руслан Георгиевич)

хъуысын кодта йæ роман «Æнæбасæттæ тых». Советон чиныгкæджытæ йын скодтой иттæг стыр аргъ. Романы автор иудадзыг иры фыстæджытæ йæ чиныджы фæдыл нæ бæстæйы алы къуымтæй—Мурманскæй, Запорожийæ, Мæскуыйæ, Семипалатинскæй, Тбилисæй, Молотовæй, Гуржæй, Махарадзейæ, Лагодехей æмæ æндæр рæтæй.

Романы центры ис Тъогойты Сослан—фыссæджы литературон прототип. Сосланы царды истори æнæаскъуыйтæ тæгтæй баст у Коммунистон партийы политикæ æмæ нæ бæстæйы коммунистон æхсæнад арæзтады интерестимæ. Романы архайд райдайы Октябры революцийы агъонмæйы азтæй æмæ æххæссы суанг фæстаг азты онг.

Сосланы романы райдианы мах уынæм æнæмæт, царды фæлтæрддзинад æмæ куыстмæ арæхстдзинад кæмæ нæй, ахæм æвзонг лæппуйæ. Уый фæстæ уацмысы Сослан нæ цæсты раз рæзы, слæгги, сæрыли сабырдон куысты, ссис Стырмæсыгы хъæуы колхозон арæзтады фæдыл змæлды активон хайадисæг, хъæуыон партион æмæ фæскомцæдисон организацийы фыццаг организацигæнджытæй сæ иу. Сослан уацмысы иннæ персонажтæн у цæвиттойнаг. Уый сæ разæнгард кæны æвæллайгæ куыстмæ. Сосланы характер цаутæм.

Сосланыл æвирхъау трагикон хъуыддаг куы сымбæлд, уæззау низ æй бирæ рæстæгмæ хуыссæнтыл куы сбаста, уæддæр не 'рынкъард ис, нæ асастис йæ хъару. Ног энергиимæ уый фыссæджы сисы фæрцы сфæнд кодта йæ райгуырæн бæстæ æмæ Коммунистон партийæн истæмæй бахуыс кæнын. Уæззау рынчын уæвгæйæ, Сосланы сæры никуы сывзæрынц пессимистон хъуыдытæ. Низмæ тох Сосланы кæны фидардæр, рæсугъдæр æмæ хъæлдзæгдæр. Уый у æцæг ног советон адæймаг, æнæбасæттæ тыхы хицау. Сослан йæхæдæг басаста уæззау низы æмæ йыл фæуæлахиз ис. Уый мидæг ис романы сæйраг хъуыды, советон адæймаджы тых æмæ хъаруйы пафос. Роман «Æнæбасæттæ тых» у оптимистон уацмыс. Йæ сæйраг хъайтар Сослан æмæ Н. Островскийы роман «Куыд сæрыди æндоны» сæйраг хъайтар Павел Корчагины 'хсæн бирæ иугъуысондзинад ис. Уыдон литературæйы сты æцæг æрвадæлтæ.

Павел Корчагинау Сосланмæ дæр никуы фæзыны цард æнæуукæндындзинад. Уыцы дыууæ хъайтары уæззау низыл уæлахиз кæнынц уый тыххæй, æмæ цæуынц раст тыхы позицитыл. Уый мидæг ис дыууæ ахастыл æй хъомыл кодта йе 'взонджы бонтæй фæстæмæ ахеджиаг Коммунистон парти. Характеры ахæм иттæг хорз миниуджытæ Сосланы ноджы дæр сфидар кодтой. Йæ зæрдæмæ йын уагътой стыр нысфæ æмæ зындзинæдтыл уæлахиз кæныны æууæндындзинад.

Сосланы уæззау низы нысмæ тохмæ, стыр æмæ æнувыд куыстмæ разæнгард кодта партийы обкомы секретар, нысгытæ йын æвæрдта области рынчындоны сæйраг дохтыр. Обкомы секретар æмæ рынчындоны сæйраг дохтыры хуызы романы рæсугъдæй æвдыст цæуы рæнхъон советон адæймагыл Коммунистон парти куыд тыхджын ауды, цахæм хъомылад ын дæдты, уый.

—Ды болшевик дæ, æмæ болшевикы тыххæй та алцы 'ппæтæн дæр гæнæн ис сарæзтæуа,—дзуры рынчындоны сæйраг дохтыр уæззау уæлфтæнæг Сосланæн. Обкомы секретар арæх абæрæг кæны рынчындоны Сосланы, интерес кæны йе 'нæниздзинадимæ æмæ æппæт. фадæттæ дæр аразы йе сдзæбæх кæныны тыххæй.

Обкомы секретар Сосланæн æвæры нысгытæ, разæнгард æй кæны Коммунистон парти æмæ Советон хицауадæн лæгкад кæнынмæ:—Ærымыс Николай Островскийы цард,—дзуры уый Сосланæн,—чи бакуырми æмæ хуыссæнтыл бирæ рæстæгмæ æнæзмæлгæйæ чи хуыссыд, уыцы адæймаг æмæ йæ романы хæдзæрттæ.

Ацы патриотон дзырдтæй обкомы секретар Сосланы цырын кодта уæззау низы нысмæ тохмæ, парти æмæ адæмæн лæгкад кæнынмæ.

Сослан дæр Островски æмæ Павел Корчагинау рацыди царды стыр æмæ вазыгджын фæндаг, уыдонау фæуæлахиз ис мæлæтыл.

Уый йæ къухмæ райста фыссæджы сис æмæ, йæ фыццаг къахдзæфтæй разæнгард уæвгæйæ, йæ къухы бафтыдис сфæлдыстадон куысты стыр æнтыстытæ.

Уæлдæр куыд банысан кодтам, афтæмæй романы зынгæдæр бынæттæй сæ иу у адæмты 'хсæн хæлардзинады темæ. Романы æвдыст цæуынц интернационализмы, советон патриотизмы æмæ знæгтæм фыдæхдзинады идеятæ.

Романы æвдыст цæуы Советон хицауады сæрыл Ирыстоны фæллойтæнджытæ меншевикты нысмæ хъæбатырæй куыд хæцыдысты, уый.

Уыцы тохы ирæттæ æмæ гуырдзиæттæ фæрсæй-фæрстæм цæуынц æфсымæртау знаджы нысмæ тохмæ. Романы центры дзырд цæуы æртынæм азтыл, ома колхозтæ аразын куы райдыдтой, уыцы азтыл.

Стырмæсыгы хъæуы арæзт цæуы колхоз «Ног цард». Хъæуы коммунисттæ æмæ фæскомцæдисонтæ Тъогойты Сослан, Мулдарты Киза, Болататы Тома, Цæгойуыдонæн стыр æххуыс кæны гуырдзиаг коммунист Ефим Махарашвили. Уый уыцы рæстæджы куыста партийы райкомы секретарæй. «Ног царды» колхозы фыццаг сæрдар Болататы Томайы амардтой фыдгул знæгтæ. Колхозы сæрдар сси Сослан. Сосланы организацион разамынды руаджы «Ног царды» колхоз нылхъуыдис рæзты æмæ дидинæфтыды фæндагыл. Сосланы инициативæйæ Стырмæсыгы хъæуы колхоз «Ног царды» æмæ Гуры районы Мереты хъæуы «Сырх Мереты» колхозы 'хсæн рапарахатæн социалистон ерыс. Уыцы ерыс у гуырдзиаг æмæ ирон адæмты традицион хæлардзинад æвдисæг. Дыууæ колхозы æххуыс кæнынц кæрæдзийæн, сæ кæрæдзийæн дæдтынц сæ куысты фæлтæрддзинадтæ. Уый мидæг ис адæмты хæлардзинады фидар бындур. «Сырх Мереты» колхозы сæрдар Харадзе Петрæ æмæ парторганизацийы секретар Джибрашвили Арчил æмæ колхозы иннæ раззагон адæймæгтæ арæх цыдысты уазæгуаты Стырмæсыты колхозмæ.

Романы сюжет у вазыгджын. Авторæн бантыст йæ романы хъайтарты архайд Стыр Фыдыбæстæйон хæсты азты равдисын дæр. Стырмæсыгы хъæуккаг Батырбег ссис артиллерийы дивизионы командир. Сталинграды фронты карз тохты Батырбег фембæлдис Мереты хъæуккаг Харадзе Петрейы фырт Гивимæ. Уыдон тохы бындыры дарддæр кæныд, колхозы дыккаг чиныгыл æмæ йæ рæхджы рагдзæнис мыхуырмæ.

1954 азы 12 ноябры Дауыт газет «Заря Востокайы» цы уац ныммыхуыр кодта, уым йæ чиныгкæджыты базонгæ кодта романы дыккаг хайы планнимæ. Дауыт йæ романы дыккаг хайæн цы план сараэзта, уымæй бирæг кæны «Æнæбасæттæ тыхæн» кæй уыдзæнис трилогийы хуыз, романы дыккаг хай хуыздзæнис «Уæлахиз» æмæ æртыккаг хай та—«Партийы номæй».

Джиоты Дауыты уацмыстæ сæ 'ппæт дæр фыст сты социалистон реализмы дементæм гæсгæ, æвдыст сæ цæуы советон æцæгдзинад. Уый йæ дардæры сфæлдыстадон куысты йæ хæсыл нымайы советон фыдæхыты раз партийы XIX съезд, советон фыдæхыты II Æппæтцæдисон съезд æмæ уыцы съездмæ Советон Цæдисы Коммунистон партийы ЦК цы афæйлы фыстæг баивыста, уым цы ахсджиаг хæстæ рывæрдтой, уыдон æнæфекъуылымпийæ сыхæгæт кæнынмæ, Николай Островскийы цæвиттон зæрдыдаргæйæ æмæ уый традицитæ дарддæр кæнгæйæ, Дауыт цæуы сфæлдыстадон куысты ног æнтыстытæм.

ТОПУРИЯ А.,
Сталиниры паддзахадон пединституты гуырдзиаг æвзаг æмæ литературæйы кафедрайы доцент.

Редактор ДЖИОТЫ С.

Редакцийы адрес: г. Сталинир, Хетæгкаты Къостайы уынг №1. Телефонтæ: Редактор—242, редакторы хæдивæг—47, бæрзон секретар—403, партион æмæ культурæйы хайадтæ—337, хъæуон хæдзарад æмæ фыстæджыты хайад—2, бух—63.

Гуырдзыстоны ССР Культурæйы Министрады Сæйраг рауагъдады Сталиниры типографи

ЗТ 00197

B

ვარიანტი (1) ვარიანტი

02.11.93 ვარიანტი